

Modèl Entwodiksyon - Lis Dwa Fondamantal ak Rekomandasyon (Seyans Vityèl Penal ak Sikilasyon Sèlman)

Model Opening Statement - Listing of Basic Rights and Advisements
(Virtual Criminal and Traffic Sessions - Haitian)

1. Byenveni.
2. Disponibilite Entèprèt Tribinal/Aranjman dapre Lwa pou Ameriken andikape.
3. Patisipasyon Vityèl ak konsantman.
4. Aktivite Lòd di jou Tribinal la.
5. Tout pwosedi anrejistre ak enstriksyon.
6. Akizasyon ak Sanksyon.
7. Dwa akize a pou mande ranvwaye ka a pou yon lòt dat.
8. Dwa Akize a pou reprezante pa yon Avoka.
9. Dwa Akize a pou Avoka la Defans Piblik reprezante li.
10. Dwa Akize a.
 - a. Dwa pou fè silans.
 - b. Akize a prezime inosan.
11. Plede Koupab oswa Pa Koupab.
12. Dwa ke w abandonen lè w plede koupab.
13. Plede pa Koupab.
14. Konpetans Tribinal la.
15. Lisans Chofè Komèsyal.
16. Negosyasyon pou pledwari.
17. Amann nan tribinal, Frè ak Sankssyon kab diferan de lis frè ak sanksyon Nasyonal yo.
18. Sanksyon adisyonèl ke MVC kab enpoze.
19. Kontravansyon Pakin.
20. Vèsman peyman pa tèm ak Santans altènatif.
21. Dwa ak lè pou fè rekou dapèl.
22. Konsekans Imigrasyon ak Depòtasyon.

23. Pwojè Èd pou Veteran New Jersey.

24. Konfli.

25. Kesyon Akize a.

Chema Modèl Entwodiksyon pou Tribinal Minisipal nan New Jersey (SeyansVityèl Penal ak Sikilasyon Sèlman)

Outline for Model Opening Statement for Municipal Courts in New Jersey
(Virtual Criminal and Traffic Sessions - Chema Modèl Pledwari douvèti pou Tribinal Minisipal New Jersey)

Men dwa fondamantal ak rekomandasyon ki fèt pou enkli nan chak entwodiksyon tribinal minisipal (R 7:14-1):

1. BYENVENI.

Egzanp:

Bonjou (bonswa) epi byenveni nan _____ Tribinal Minisipal. Mwen se Jij _____. Pou rejis la, dat jodiya se le _____ a _____ di maten (di swa). Seyans kap fèt atravè Zoom (oswa lòt fason). Platfòm videyo-konferans.

2. ARANJMAN POU ENTÈPRÈT/AK ARANJMAN LWA POU AMERIKEN ANDIKAPE

Egzanp:

Si w, oswa yon temwen gen kapasite limite pou konprann oubyen kominike avè m kouraman an anglè oswa w bezwen aranjman espesyal konfòm ak Lwa pou Ameriken Andikape yo fè m konnen oubyen fè nenpòt nan anplwaye tribinal la konnen epi na va fè aranjman pou yon entèprèt tribinal ak aranjman espesyal konfòm ak Lwa pou Ameriken Andikape yo gratis. Si li ta nesèsè na va ranvwaye ka w an pou ka gen entèprèt oswa aranjman espesyal ou bezwen a.

3. PATISIPASYOON VITYÈL AK KONSANTMAN

Egzanp:

Byen ke odyans sa yo ap fèt vityèl, se odyans lejitim tribinal yo ye; kidonk, ou fèt pou konpote w kòm si w te nan tribinal la. Sa vle di w paka manje, bwè, kondwi, dòmi ak fimen. Tout moun fèt pou chita dwat san bri de fon, teni ki apwopriye. Pa fèt pou gen lòt moun kap pale nan chanm la avèk ou amwens ke se ta avoka w. Ou fèt pou chita nan yon kote ki gen bon ekleraj epi kamera fèt pou plase a nivo figi w pou tribinal la wè w klè. Pandan pwosedi sa yo w pa fèt pou distrè epi tou w fèt pou patisipe yon fason serye nan odyans ou a.

Jan mwen sot mansyone a, pwosedi sa yo fèt vityèl; kidonk mwen sipoze ke di fèt ou la a sou platfòm vityèl la w konsanti pou yo tande koze a vityèlman, tanpri fè m konnen yon fwa yo rele dosye w a.

4. AKTIVITE LÒD DI JOU TRIBINAL LA.

Eksplike lòd kwonolojik w pral konvoke ka yo pandan seyans tribinal konfòm ak R. 7:14-3. Ou kab bay yon eksplikasyon tou kout tou konsènan tout tèm jiridik yo kankou "Lekit fòmèl akizasyon a" nan yon langaj layik kab konprann. Sa ki swiv la se yon egzanp lòd di jou jeneral koze kap prezante yo:

Egzanp:

Konfòm ak Règleman Tribinal la, yap bay dosye avokay yo priyorite, piske anpil nan avoka sa yo bije prezante nan lòt tribinal an menm tan. Tribinal la va konvoke dosye konparasyon inisyal yo dabò, swivi pa moun kap plede koupab yo ak tout lòt koze ki tou kout. Dènye lòd di jou ke ya va konvoke se tout jijman yo ak lòt koze konteste yo.

5. TOUT PWOSEDI ANREJISTRE.

Egzanp:

Tout Pwosedi ki fèt nan tribinal la ap anrejistre; kidonk, ou fèt pou fè atansyon ak sa w di sou anrejistreman a paske yo ta kab sèvi avèl kont w. Tout pati yo, avoka, ak tout patisipan sou platfòm videyo-konferans la pa fèt pou anrejistre ni pèmèt lòt moun anrejistre okenn pati nan pwosedi pa kelkeswa mwayen a, enkli men ki pa limite a odyo, videyo, ak foto ekran san otorizasyon davans alekri de Tribinal la. Tout pati yo fèt pou kominike enstriksyon sa a ba tout lòt moun adisyonèl, pati enterese oswa antite sou dosye a.

Sou okenn pretèks ou fèt pou pèmèt kikeswa ouvri mikwofòn la amwens ke Jij la oswa yon anplwaye tribinal la ta rele w. Yon fwa yo rele dosye w a ou ta mèt ouvri mikwofòn la. Kounyeya, aparèy w an gen kapasite pou komanse videyo. Selilè ak tout lòt aparèy ki gen potansyèl pou entewonp seyans tribinal la fèt pou fèmen amwens ke w ap sèvi ak aparèy la pou patisipe nan odyans.

6. AKIZASYON AK SANKSYON.

Egzanp:

Ou gendwa pou yo enfòmè w de tout akizasyon ak sanksyon w ap kontanple pou akizasyon yo.

7. DWA AKIZE A POU MANDE RANVWAYE KA A POU YON LÒT DAT.

Egzanp:

Ou gendwa a yon ranvwa ki rezonab pou bon jan rezon, kankou pou konsilte yon avoka ak prepare yon defans adekwa.

8. DWA AKIZE A POU REPREZANTE PA YON AVOKA.

Egzanp:

Ou gendwa pou reprezante pa yon avoka. Si w chwazi pou pa reprezante pa yon avoka kont akizasyon ki ta ka abouti a yon tèm prizon, pèdi privilèj pou kondwi oswa sanksyon ki ta depase \$800.00, mwen pral poze w yon seri kesyon pou mwen ka satisfè ke w ap abandone dwa w genyen pou yon avoka reprezante w volontèman epi ak tout konesans de kòz.

9. DWA AKIZE A POU AVOKA LA DEFANS PIBLIK REPREZANTE LI.

Egzanp:

Ou gendwa a yon avoka ke tribinal la va nonmen si w pa gen mwayen pou angaje pwòp avoka w epi si (a) w ap kontanple yon tèm nan prizon; (b) w pral pèdi privilèj pou kondwi; oswa (c) yo enpoze w sanksyon ki depase \$800.00; e ke w ta kalifye finansyèman. W ap oblije konplete yon fòm ki poze w kesyon konsènan revni w ak tout atou w yo, epi tou, yo kab mande w pou founi prèv revni w, atou w yo, epi tou, yo kab mande w pou foun prèv revni w, atou w yo ak tout depans ou yo. Si w aplike pou yon avoka deziye pa tribinal la, gen yon frè de jiska \$200 pou aplikasyon a, ke tribinal la ta kab swa redwi oswa elimine pou bon jan rezon. (Si gen yon avoka ladefans piblik deziye nan seyans la, avoka ladefans piblik gendwa prezante tèt li nan dosye a.)

10. DWA AKIZE A.

a. Dwa pou fè silans.

Egzanp:

Se dwa konstitisyonèl ou pou fè silans; pa gen moun ki kab fòse w pou temwaye oswa bay deklarasyon pou pwòp tèt ou oswa konvoke nenpòt ki temwen oubyen ofri nenpòt ki defans. Si w chwazi pou pa temwaye, li pap afekte desizyon mwen konsènan si w koupab ou pa de akizasyon yo mete sou do w.

b. Akize a prezime inosan.

Egzanp:

Yo prezime w inosan amwens ak toutotan yo pako pwouve w koupab. Komisè gouvènman se avoka ki reprezante leta ak prezante dosye yo ba tribinal la. Nan pifò ka yo se komisè gouvènman a ki fèt pou pwouve ka a kont w odèl de yon dout rezonab. Komisè gouvènman a kab prezante tèt li kounyeya.

11. PLEDE KOUPAB OSWA PA KOUPAB.

Egzanp:

Ou kab plede koupab oswa pa koupab de akizasyon yo.

12. DWA KE W ABANDONEN LÈ W PLEDE KOUPAB.

Egzanp:

Si w plede koupab, w ap abandonen dwa pou prezante nan jijman ak dwa pou fè silans. Map poze yon seri kesyon sou sa ki te pase a pou etabli sa yo rele “fondasyon done yo” ak lòt kesyon pou satisfè tèt mwen ke w ap abandone dwa pou prezante nan jijman volontèman epi ak tout konesans de kòz, epi tou, ke w antò de akizasyon yo e ke w pran desizyon pou kontinye san avoka volontèman ak tout konesans de kòz, si w pa reprezante pa yon avoka. Ou kab bay nenpòt ki eksplikasyon ou panse ki enpòtan nan ka a epi ki ta ka afekte santans ki enpoze a.

13. PLEDE PA KOUPAB.

Egzanp:

Si w plede non koupab, lè sa a w gendwa pou prezante nan jijman, kote w ansanm ak avoka w kab konvoke temwen pou prezante nan non ou epi ou ka temwaye oswa bay deklarasyon si w ta chwazi pou fè sa. Si w prezante nan jijman, ma va eksplike w pwosedi jijman a anvan jijman a komanse.

14. KONPETANS TRIBINAL LA.

Egzanp:

Tribinal la gen konpetans sou tout enfraksyon sikilasyon ki fèt nan minisipalite sa a, ansanm ak tout enfraksyon ke yo rele enfraksyon moun kab fè dezòd an piblik ki mande pinisyon de jiska si mwa nan prizon ak jiska \$1000 amann, ak lòt ti enfraksyon ti dezòd ki mande pinisyon de jiska 30 jou nan prizon ak jiska \$500 amann. Sèten enfraksyon ki gen rapò ak dwòg mande sanksyon adisyonèl egzijib ak posibilite pou pèdi tout privilèj pou kondwi jiska 2 lane. Tout deli ki gen relasyon ak Vyolans Adomisil mande sanksyon obligatwa adisyonèl ak entèdiksyon zam. Mwen ta kab enpoze tou yon tèm libète kondisyonèl ak kondisyon kankou oriantasyon pwofesyonèl, sèvis kominotè, ranbousman, depistaj dwòg, elatriye Tribinal la tande tout enfraksyon règlemantasyon lokal (enfraksyon lwa lokal yo), ak enfraksyon ki gen rapò ak lachas epi lapèch ak enfraksyon konsènan pwa ak mezi.

15. LISANS CHOFÈ KOMESYAL.

Egzanp:

Si w gen lisans chofè komèsyal, Depatman Sikilasyon ta ka revoke lisans ou si w plede koupab oubyen si yo rekonèt ou koupab aprè jijman de sèten enfraksyon sikilasyon ki ta grav ke w komèt nan machinn komèsyal oswa machinn pèsònèl ou.

16. NEGOSYASYON POU PLEDWARI.

Egzanp:

Tribinal Siprèm N.J. pèmèt negosyasyon pou pledwari nan pifò ka yo eksepte sèten enfraksyon ki gen pou wè ak kondwi lè ou sou ak koze dwòg. Sa vle di ke, eksepte nan ka sa yo, oubyen avoka w kab pale ak Komisè Gouvènman an de kijan ou ta ka rezoud ka w. Yon antant kab abouti nan amannman ki ta ka redwi akizasyon a, a yon akizasyon mwen grav oswa posibilite a yon akizasyon ki pap ba w pwen, oubyen mwens pwen, oswa klase koze a antan ke ka nil, oubyen konbine sèten akizasyon, oubyen yon amann byen espesifik, tèm nan prizon, oswa lòt rekomandasyon ke Komisè Gouvènman an ta bay sou santans la. Jeneralman, Komisè Gouvènman a va konsilte ak jandam ki te emèt kontravansyon a oswa plent la, nenpòt ki viktim, epi tou, li kab revize dosye chofè w oswa antesedan penal ou pa rapò ak nenpòt ki negosyasyon sou pledwari kap fèt la.

17. AMANN NAN TRIBINAL, FRÈ AK SANKSYON KAB DIFERAN DE LIS FRÈ AK SANKSYON NASYONAL YO.

Egzanp:

Ou fèt pou konenn ke si w plede koupab oswa yo rekonèt ou koupab de akizasyon ke w ta kab peye pa lapòs oswa an liy, tribinal la pa oblije enpoze menm amann ak frè ke w ta peye inisyalman. Okontrè, tribinal la kab enpoze maksimòm amann ak frè lalwa pèmèt. Si mwen ta rive a konklizyon ke w aji ak movèz fwa, dapre lalwa, mwen gen pouvwa pou mwen revoke lisans kondwi w an, an plis de enpoze amann ak frè.

18. MVC KAB ENPOZE SANKSYON ADISYONÈL.

Egzanp:

An plis de nenpòt ki sanksyon ke mwen ta ka enpoze pou kondanasyon enfraksyon sikilasyon, Depatman Sikilasyon ta kab enpoze sanksyon adisyonèl kankou pwen pou tout enfraksyon kont règleman sikilasyon (kankou eksè vitès oswa kondwi ak enpridans), tout frè ekstra pou sèten tip kondanasyon oubyen MVC (Depatman Sikilasyon) ta ka revoke lisans ou. Tribinal la konekte ak MVC atravè konpite kidonk, tout kondanasyon ki emèt rapote ba MVC di moman yo rantrè done yo. Si w se chofè etranje, MVC New Jersey ap rapòte nenpòt ki kondanasyon ba MVC leta kote w abite a, e sa ta kab afekte privilèj pou kondwi nan leta sa a.

19. KONTRAVANSYON POU PAKIN.

Egzanp:

Si w prezante nan tribinal pou dispite yon kontravansyon pou pakin, nap fè w konnen ke w pa gendwa pou fè silans epi tou, ni komisè gouvènman ni jandam ki te emèt kontravansyon a pa oblije prezante, amwens ke mwen ta pase yo lòd pou yo konparèt. Pwosedi ki gen rapò ak enfraksyon pakin konsidere kankou ka sivil epi ou pa gendwa a yon avoka ladefans piblik, kipizè prèv dèske ou koupab la pa oblije etabli odèl de yon dout rezonab. Mwen kab tou senpleman apiye mwen sou twa faktè sa yo:

- a. Yon kontravansyon pou pakin detaye sou Konvokasyon a; epi
- b. Li byen idantifye machinn ki komèt enfraksyon a; epi
- c. Ke machinn la, dapre Sèvis Sikilasyon (Motor Vehicle Commission), se pwopriyete epi li anrejistre sou non ou nan dat ak lè enfraksyon an te komèt.

Kidonk, se obligasyon w pou di mwen sou sèman pouki pou mwen pa rekonèt ou koupab. Le fèt ke w pa janmè resevwa kontravansyon an oubyen ke se yon lòt moun ki tal pake machinn la ilegalman pa yon defans. Ou menm, antan ke pwopriyete machinn la, responsab. Yo pap limite dwa w genyen pou pèmèt fanmi oswa zanmi sèvi ak machinn la men si yo sèvi avèl epi yo ba yo kontravansyon epi yo pa fè w konnen, sa pap sèvi de defans. Ou ta kab genyen yon reklamasyon kont chofè ki komèt enfraksyon a pou l ranbouse w nan Tribinal Siperyè. Nye ke w antò nan koze kontravansyon pou pakin kab pa sifizan pou pwouve inosans ou. Pi bon prèv ou ka genyen se foto oswa videyo kote a ansanm ak pano siyal ki an kòz la. Si w bezwen tan pou jwenn foto oswa videyo yo, ou gendwa mande yon ti delè tou kout pou sa.

20. VÈSMAN PEYMAN A TÈM AK SANTANS ALTÈNATIF.

Egzanp:

Tout amann ak frè fèt pou peye jou santans la. Si w pa gen mwayen pou peye tout amann yo an foul jodiya w ta kab jwenn posibilite pou peye amann yo pa tèm oswa ou kab mande tribinal la akòde w yon lòt tip egzansyon. Yo kab egzije w konplete yon kesyonè finansye ke mwen va revize e ki va anrejistre sou rejis tribinal la anvan mwen akòde yon lòd peyman pa tèm.

21. DWA AK LÈ POU FÈ REKOU DAPÈL.

Egzanp:

Ou gen 20 jou pou prezante yon demann dapèl si w pa satisfè ak nenpòt ki desizyon oswa santans tribinal la emèt. Mèzalò, ni pati yo ni tribinal la pa gendwa pwolonje tan pou prezante demann dapèl la. Rekou dapèl la ap prezante nan Tribinal Siperyè epi tou, nan pifò ka yo, se Jij Tribinal Siperyè a ka va deside ka a dapre dosye ke nap kreye a (ki rele pwosè vèbal la). Wap jwenn blòk done pou rekou dapèl nan biwo tribinal la.

22. KONSEKANS IMIGRASYON AK DEPÒTASYON.

[Seksyon sa a fèt pou li motamo, jan Direktif #09-11 la egzije]

Si w pa sitwayen Ameriken epi w plede koupab oswa yo rekonèt ou antò de sèten enfraksyon ki te prezante nan tribinal minisipal, enkli enfraksyon sikilasyon, sa ta kab abouti a depòtasyon ou Dèzetazini oubyen li ta kab anpeche yo pèmèt ou rerantre Ozetazini si w kite volontèman, oubyen li ta kab anpeche w natitalize w kom sitwayen ameriken a tou jamè. Ou gendwa konsilte yon avoka konsènan efè yon pledwari de kilpabilite ta ka genyen sou sitiwayon imigrasyon ou.

23. PWOJÈ ÈD POU VETERAN NEW JERSEY.

Remak espesyal pou tout veteran lame yo. Gen egzistans yon pwogram ki rele Pwojè Èd pou Veteran ki founi tout veteran ak rekomandasyon tout resous kominotè de baz yo pou sèvis ki gen rapò ak lojman, konsiltasyon sou koze sante mantal, tretman pou abi sistans, èd finansye, sèvis legal, edikasyon, ak tout avantaj pou veteran yo, enkli posibilite pou jwenn ekspè-konsèy nan men yon lòt veteran. Anplwaye tribinal la kab founi w ak yon depliyon ki dekri program la ansanm ak tout aplikasyon li. Anplwaye yo kab ede w tou pou ranpli aplikasyon a.

24. KONFLI.

Egzanp:

Si nenpòt ki moun okouran ke mwen gen yon koneksyon pwofesyonèl oswa pèssonèl ak nenpòt nan endividi sou dosye a, tanpri fè m konnen osito mwen konvoke dosye w a. Ma va detèmine si gen yon konfli, epi si ta gen konfli, ma va ranvwaye ka a pou yon lòt jou devan yon lòt jij.

25. KESYON AKIZE A.

Egzanp:

Yap trete w ak diyite ak respè sou fowòm sa a epi tou, nou atann menm konpòtman de w. Si w gen kelkeswa kesyon ke mwen pa reponn, tanpri, pa ezite mande lè yo konvoke ka w an.